

Kijan ou ka netwaye andedan veyikil ou an tout sekirite nan COVID-19*


Savon, dlo, solisyon alkòl, ak sèvyèt dezenfektan mouye ki gen ladan omwen 70% alkòl izopwopil se pwodui kay ki pi efikas pou touye kowonaviris dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi.

- Netwaye ak dezenfekte sifas yo nan veyikil la ant transpò pasaje yo ki vizibleman malad.
- Lè wap itilize pwodui chimik netwayaj, kenbe pòt veyikil ak fenèt yo ouvè.
- Mete gan ou kapab jete ak nenpòt lòt atik pwoteksyon ki nesèsè lè wap netwaye.
- Evite manyen nen, bouch, oswa zye w.

Sifas enteryè pou netwaye:

Netwaye sifas solid yo avèk detèjan oswa savon ak dlo e apres a aplike yon dezenfektan. Pou dezenfekte, itilize sèvyèt mouye ki a baz alkòl oswa espre ki gen ladan omwen 70% alkòl.

- deyò ak andedan manch pòt yo
- levye vitès
- repo bra
- fenèt ak pòt
- bouk senti sekirite
- ekran ou manyen
- bouton kontwòl limyè ak lè
- pano radyo
- volan



Chèz twal yo ka netwaye avèk savon ak dlo. Retire nenpòt kras ki vizib epi netwaye avèk pwodui netwayaj ki kapab itilize sou sifas sa yo.

Kenbe pwodui sa yo nan veyikil ou



- Dezenfektan pou men
- Ti sèvyèt mouye dezenfektan
- Mask ak gan ou kapab jete

Itilize pwodui sa yo pou netwaye veyikil ou



- Gan ou kapab jete
- Savon
- Bokit dlo ak twal


PA itilize pwodui sa yo pou netwaye andedan veyikil ou



- Pwodui klowòks
- Pwodui oksijene idwojèn
- Pwodui a baz amonyak


Pwoteje tèt ou ansanm avèk lòt moun nan yon veyikil:

Lè ou nan yon veyikil avèk lòt moun, ouvè fenèt yo nan omwen 3 pous pou ogmante vantilasyon ak redwi nivo potansyèl risk pou viris la. **Chofè ak pasaje yo ta dwe mete mask.**



Ouvè fenèt yo pou yon bon vantilasyon

Espas 3 pous



Depi ou fin netwaye veyikil ou:



Retire ak jete nenpòt gan, ròb ak nenpòt lòt atik pwoteksyon ou te mete pandan.



Si ou pa t mete yon ròb jetab, **lave rad ou te mete pandan netwayaj la epi dezenfekte l** imedyatman lè ou itilize reglaj dlo ki pi cho.



Aprè ou fin retire gan ansanm avèk lòt atik pwoteksyon yo, **lave men w imedyatman avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn**, oswa itilize yon dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl.

Lave men w apre ou fin manyen rad lesiv sal.